

Chat dwa ak
libète moun
Vèsyon
senp



**Commission
des droits**
de la personne et
des droits de la jeunesse

DIREKSYON AK KONSEPSYON

Julie Dumontier

Konseyè nan edikasyon ak pwomosyon dwa
Direksyon edikasyon ak pwomosyon dwa

TRADIKSyon

Sabine Monpierre

Konseyè nan edikasyon ak pwomosyon dwa

Walph Ferentzi Youyou

REVIZYON

Walph Ferentzi Youyou

Pou KEPKAA
Pierre-Roland BAIN
Marvens Jeanty, lengwis, tradiktè
Komite Entènasyonal pou Pwomosyon Kreyòl
ak Alfabetizasyon (KEPKAA)

Direksyon komunikasyon ak afè piblik

« DIZAY » AK KONSEPSYON

Marlène-b Atis Dizaynè

Repwodiksyon kontni dokiman sa a otorize, men fòk sous la site.

Depo legal – Bibliyotèk ak Achiv nasyonal Kebèk – 2024

Bibliyotèk nasional Kebèk

ISBN : 978-2-550-97178-8 (PDF)


ISBN : 978-2-550-97180-1 (imprimé)

Dokiman sa se yon zouti pou edikasyon, li pa gen okenn valè legal.

Komisyón dwa moun ak dwa jèn yo remèsye Éducaloi pou
kontribisyón li nan redaksyon vèsyon orijinal dokiman sila a.



SAVOIR C'EST POUVOIR





Chat dwa ak libète moun la pou pwoteje prensipal dwa ak libetè ou yo. Se yon manman lwa tout lòt lwa kebekwa yo dwe respeke nan majorite ka yo.

Menm lè chat la esansyèl pou byennèt moun an jeneral, li pa fin twò fasil pou konprann. Pou nou pi byen konprann li, Komisyon dwa moun ak dwa jèn yo pwopoze yon vèsyon pi senp ki soti nan atik 1 pou rive nan atik 48 Chat la.

Avètisman! Vèsyon senp sila se yon zouti pou edikasyon ki pa gen okenn valè legal. Li pa ranplase tèks orijinal Chat la. Nou dwe refere nou nan tèks orijinal Chat la pou tout revandikasyon politik osnon tout sipò jiridik.

Si nou gen kesyon, pa neglige vizite sit wèb nou an nan adrès sa www.cdpdj.qc.ca, ousnon kominike ak nou nan nimewo : 1 800 361-6477 (nimewo gratis).

TAB MATYÈ

4 Libète ak dwa fondamantal
(atik 1 jiska 9)

11 Dwa pou egalego nan rekonesans
egzèsis dwa ak libète yo
(atik 10 jiska 20)

23 Dwa politik
(atik 21 ak 22)

25 Dwa jidisyè
(atik 23 jiska 38)

35 Dwa ekonomik ak sosyal
(atik 39 jiska 48)



Libète ak dwa
fondamantal



Chapit 1

Ou gen dwa :

- **gen lavi**

- **gen sekirite**

Dwa pou sekirite a pwoteje ou sitou kont tout menas agresyon, sitou agresyon fizik la menm. Li pwoteje tou sekirite sikolojik ou epi oblige otorite yo mete sèvis polis an plas, premye swen ak sekirite kont dife.

- **gen entegrite**

Dwa pou entegrite a pwoteje ou sitou kont tout aksyon ak sitiyasyon ki ka gen gwo konsekans fizik, sikolojik osnon emosyonèl sou ou. Egzanp, li pèmèt ou aksepte oswa refize swen sante.

- **gen libète**

Dwa pou libète a pèmèt ou sitou aji epi pran desizyon fondamantal ki konsène ou san ou pa sibi okenn presyon ki sòti deyò.



Ou gen sa tou yo rele yon « **pèsonalite jiridik** . »

Presizyon

Chak moun dwe genyen yon « **pèsonalite jiridik** » pou li egzèse dwa ak libète li. Erezman tout moun benefisyé pèsonalite jiridik sa a depi lè li fèt jis li mouri.

Ou gen dwa pou ou jwenn èd si lavi ou an danje.

Konsa tou, ou dwe ede yon lòt lè lavi li an danje. Ou dwe ede li sanzatann, sof si nivo danje sitiyasyon an depase ou osnon yon lòt moun. Nan ka sa a, ou dwe rele pou mande sekou.

Ou gen libète sa yo :

• libète konsyans

Ou lib pou ou chwazi valè, konviksyon, ak prensip ki pou gide lavi ou.

• libète relijyon

La a se prensipalman dwa ou genyen sou chwa kwayans relijye ou, pou pratike yo epi eksprime yo san krent ni kòlè . Ou gen dwa tou pou ou pa pratike okenn relijyon.

Leta pa ka enpoze popilasyon an yon relijyon ni li pa ka favorize yon relijyon plis pase yon lòt.

• libète opinyon

Ou lib pou ou panse sa ou vle. Ou ka eksprime menm opinyon ak tout moun konsa tou ou ka gen opinyon ki kontrè.

• libète ekspresyon

Libète ekspresyon an laj anpil e li vize divès mannyè pou eksprime lide ak opinyon ou yo : atizay, lekriti, diskou, pannkat nan ka gen grèv, elatriye. Egzanp, li pèmèt ou kritike yon relijyon oswa yon opinyon politik.

Li ba ou dwa tou pou ou rekonèt, tandem lide ak opinyon lòt moun.

• libète asosiyasyon


Libète asosiyasyon an pèmèt ou fè pati yon asosiyasyon, paregzanp yon sendika oubyen yon klèb gölf.

Li pèmèt ou tou kite yon asosiyasyon si ou pa vle fè pati li ankò.

Libète asosiyasyon an pwoteje dwa grèv yon sendika.

• libète reyinyon pasifik

Ou ka patisipe nan yon manifestasyon oswa nan yon asanble. Sèlman, ou pa gen dwe twouble lapè publik.



Libète ak dwa fondamantal

3.1 Ou gen dwa pou ou viv an franse.

Presizyon

Sa gen ladan li parezanp, dwa pou eksprime ou an franse, resevwa komunikasyon an franse, travay an franse, ak resevwa sèvis an franse.

4 Ou gen dwa pou jwi respè ou :

• diyite ou

Diyite a se respè chak moun merite difèt li se moun.

• onè ou

• repitasyon ou

Mank respè sou dwa ou, repitasyon ou ak onè ou ka pran divès fòm.


Paregzanp, kapab se yon moun ki ap pibliye fo enfòmasyon sou ou. Se sa yo rele « difamasyon » an.

5 Ou gen dwa pou yo respekte lavi prive ou.

Presizyon

Dwa sa a pwoteje entimite ou epi li entèdi kèk enfòmasyon ki konsène ou vin aksesib oubyen retwouve li sou plas piblik, tankou : imaj ou (egzanp : foto ou, kò ou (egzanp : echantillon san ou, oryantasyon seksyèl ou, eta sante ou, adrès ou, lavi pèsonèl ak familyal ou, elatriye.

Li pwoteje tou dwa ou genyen pou pran tout desizyon empòtan ki konsène ou.



Libète ak dwa fondamantal

6

Ou gen dwa pou ou itilize epi **pwofite byen ou genyen** jan ou pi pito san traka. Ou gen dwa tou pou prete yo, vann yo, bay yo oubyen fè sa ou vle ak yo. Lalwa ka toujou **limite dwa sa yo.**

Egzanp

Vwazen oswa vwazin ou pa ka plante pye bwa jis nan lide pou anpeche ou gade nan fenèt lakay ou.

Egzanp

Pwopriyetè kay yo pa ka mete lokatè yo deyò san rezon valab. Yo dwe respekte dwa lokatè yo.

7

Yon moun dwe jwenn **otorizasyon** ou avan li monte sou tè ou oswa rantre anndan **kay ou**. Si moun sa gen tan anndan, ou ka mande li sòti.

Presizyon

Ou kapab otorize moun sa rantre yon fason ki klè (egz : ou louvri pòt la pou li epi ou kite li antre).

Egzanp

Lapolis dwe jwenn otorizasyon ou oubyen yon tribunal avan yo rantre lakay ou. Men, gen kèk eksepsyon, pa egzanp nan sitiyasyon ijans.



Libète ak dwa fondamantal

8

Li entèdi pou ou **rantre lakay yon lòt moun** san otorizayon. Fòk ou tou jwenn otorizasyon li pou pran yon bagay ki anndan kay la.

Presizyon

Atik sa sanble ak atik 7 la. Li pa vize sèlman teren ak kay yon moun. Li vize tou lòt kote tankou komès, otèl, pak, restoran, sinema, teyat, teren kanping, elatriye.

9

Gen plizyè moun ki dwe respekte sekrè pwofesyonèl, sa vle di yo dwe kenbe sekrè tout enfòmasyon ou ba yo sou ou nan kad travay yo.


Moun sa yo pa gen dwa pou yo **devwale enfòmasyon ou yo** menm nan tribinal. Men, ou ka otorize yo fè sa. Lalwa tou ka oblige yo devwale enfòmasyon ki konsène ou nan kèk ka.

Tribinal yo dwe toujou rasire yo sekrè pwofesyonèl la respekte.

Presizyon

Lalwa oblige plizyè moun pou yo respekte sekrè pwofesyonèl la. Se ka paregzanp manm yon òd pwofesyonèl (avoka, notè, medsen, sikològ, elatriye), prèt yo ak lòt responsab reliye yo.

Suit la nan lòt paj la...



Libète ak dwa fondamantal



Enfòmasyon ou bay yon moun ki manb yon òd pwofesyonèl oswa yon Minis Kilt religye, sekrè pwoefesyonèl la pa pwoteje yo tout.

Paregzanp, enfòmasyon ou pataje ak zanmi bò yon tab pa konfidansyèl, menmsi zanmi sa yo se medsen. Kategori konfidans sa yo dwe fèt nan kad yon relasyon pwofesyonèl pou yo pwoteje.

Se sèl enfòmasyon pèsònèl ou ki pwoteje. Paregzanp, ka se pawòl, dokiman oubyen se nòt nan yon dosye. Kapab se idantite ou senpman paske ou te konsilte yon moun ki dwe respekte sekrè pwofesyonèl.

Pafwa lalwa oblige yo devwale enfòmasyon pèsònèl ou. Se nan ka kote enfòmasyon pèsònèl yo kapab ede sove lavi yon moun (egz : Konpòtman yon malad k ap menase touye tèt li.)

9.1

Ou dwe egzèse libète ak dwa fondamantal ou yo (atik 1 jiska 9) nan :

- respè valè demokratik yo
- layisite Leta a
- pwoteksyon lang franse a
- respè lòd piblik la
- byennèt jeneral popilasyon kebekwaz la.

Nan kèk ka, lalwa kapab **limite** egzèsis libète ak dwa fondamantal ou yo.

Presizyon

Dwa pa ou fini kote dwa pa lòt yo kòmanse. Kidonk li posib nan kèk sitiayson patikilye yo enpoze ou yon lwa osnon yo anpeche ou egzèse libète ak dwa ou yo jan ou ta swete sa.

An nou pran egzanp yon anplwayè ki vle entèdi kèk koup cheve nan espas travay la pou rezon sante ak sekirite. Selon tip travay la, li posib pou Chat la pèmèt entèdiksyon sa a menmsi li limite libète ekspresyon moun k ap travay yo.

Dwa pou
egalego nan
rekonesans
egzèsis dwa
ak libète yo



Chapit 1.1

Dwa pou egalego
nan rekonesans
egzèsis dwa ak
libète yo

Ou gen dwa pou ou egalego, sa vle di dwa ak libète ki nan Chat la pwoteje ou menm jan ak tout moun san diskriminasyon. Yo pa ka baze sou yon pati nan karakteristik pèsonèl ou pou yo anpeche ou egzèse dwa ak libète ou yo kòmsadwa.

Dwa pou egalego sa a pwoteje ou kont **diskriminasyon** ki fonde **sou karakteristik pèsonèl** sa yo (se sa yo rele « motif pou entèdi diskriminasyon ») :

- **ras, koulè po, orijin etnik oswa nasyonal**

Ras se yon mannyè yo klase moun ki chita sou kritè fizik oswa kiltirèl yo, san okenn baz syantifik. Orijin etnik ou osnon nasyonal ou koresponn ak karakteristik kiltirèl ou oswa nasyonalite ou.

- **sèks**

Paregzanp, yon moun yo idantifye pou fi oubyen gason.

- **idantite oswa ekspresyon « jan ou ye »**

Paregzanp, yon moun ki transeksyèl.

- **oryantasyon seksyèl**

- **laj**

Lalwa ka prevwa yon laj minimòm pou yon kategori dwa, san sa pa gen pou wè ak diskriminasyon. Paregzanp, fòk ou gen pou pi piti 18 lane pou ou ka vote oswa achte alkòl.

- **konviksyon politik**

Se tout lide politik ou kwè ladan yo tout bon vre e ou idantifye ou nan yo.

Paregzanp, ou kapab eksprime konviksyon politik ou lè w ap milite nan yon pati politik, lè w ap patisipe nan manifestasyon osnon lè ou fè pati yon gwoup presyon sosyal.

- **relijyon**

Suit la nan lòt paj la...



Dwa pou egalego
nan rekonesans
egzèsis dwa ak
libète yo

• eta civil

Eta civil la koresponn ak eta familyal ou. Ou jwenn sitiyasyon sa yo ladan li :

- > Moun ki selibatè, marye, divòse oswa plase
- > Moun ki gen oswa pa gen pitit, adopsyon konte ladan li tou
- > Moun ki fè pati yon famiy monoparantal
- > Moun ki gen lyen familyal oswa maryaj ak lòt moun.

• lang

Kapab se lang manman ou oswa yon lòt lang ou pale lakay ou, nan travay ou oswa yon lòt kote. Kapab se aksan ou genyen lè w ap pale.

• gwosès

Nosyon gwosès la se pa sèlman lè moun nan ansent ak lè li akouche. Li gen ladan li tou, tout sa ki konsène gwosès la tankou randevou medikal ak konje matènité.

• kondisyon sosyal

Se kapab metye ou, revni ou (egz : se petèt paske w ap resevwa byennèt sosysal, nivo eskolarite ou, si ou nan sitiyasyon kote ou pa gen yon kote estab epi sekirize pou rete).

• andikap oswa mwayen ou itilize pou diminye enpak andikap la

Nosyon andikap la gen ladan li :

- > Tout limitasyon fizik yon moun ka genyen (egz : yon moun ki paralize nan de manm enferyè li yo ak nan pati ren li, yon moun ki gwo depase osnon ki genyen pwoblèm wè ak tandé).
- > Tout limitasyon mantal osnon sikolojik yon moun ka genyen (egz : twoub mantal, yon depandans ak dwòg oswa alkòl).
- > Tout lòt obstak nan lavi a ki anpeche yon moun egzèse tout dwa li yo.

Egzanp kèk mwayen itil pou diminiye enpak sou yon moun nan sitiyasyon andikap

Itilize yon chèz woulan oswa yon chyen gid. Konsa, anpeche yon moun antre nan yon komès paske li gen yon chyen gid ki akonpaye li se yon zak diskriminasyon menm jan sa ta ka ye pou yon moun ki nan sitiyasyon andikap.

Presizyon

Jeneralman diskriminasyon an pran fòm yon distenksyon, sa vle di yo pa trete moun nan egalego tankou lòt yo.

Atansyon! Li posib pou yon moun sibi diskriminasyon menmsi yo trete li egalego ak lòt moun yo, san distenksyon. Pa egzanp nan ka yon moun ki avèg pa ka mennen chyen gid li nan travay li akoz yon politik anplwayè a tabli pou tout manm pèsonèl la. Jan sitiyasyon sa yo kreye yo efè esklizyon.

Dwa pou egalego
nan rekonesans
egzèsis dwa ak
libète yo

10.1

Pèsonn pa ka baze sou **kèk karakteristik pèsonèl ou** pou « **asele** » ou.

Presizyon sou « **kèk karakteristik pèsonèl ou** »

Se kapab lis karakteristik pèsonèl ki site nan atik 10 la.

Presizyon

« Asèlman » se yon konpòtman ki atenn diyite yon moun oswa ki afekte eta sikolojik li osnon fizik li.

« Asèlman » an ka pran divès fòm. Paregzanp, li kapab se pawòl (remak ki blesan, menas, ensilt, elatriye.) osnon jès (agresyon, karikati, grafiti, elatriye).

Pou li kapab yon « asèlman » fòk pawòl yo, jès yo repete. Toutfwa, yon sèl aksyon kapab konsidere tankou yon « asèlman » si li grav anpil.

11

Ou pa kapab kominike yon mesaj ki diskriminatwa an piblik, kit li se yon avi, yon senbòl oswa yon siy. Ou pa ka mande yon lòt moun pou fè li pou ou.

12

Pèsonn pa ka refize siyen yon **Ak jiridik** avèk ou si :

- **Ak jiridik sa konsène byen ak sèvis yo ofri piblik la an jeneral ;**

Presizyon pou « ofri piblik la an jeneral »

Ekspresyon sa vize byen ak sèvis yo ofri yon kliyantèl egzat, paregzanp yon kliyantèl etidyan.

Egzanp sou « **Ak jiridik** »

Yon kontra (egz : yon kontra lokasyon kay oswa yon kontra asirans), yon testaman, yon konvansyon kolektiv, yon rejim retrèt oswa avantaj sosyal, elatriye.

Epi

- **moun nan refize akoz yon motif diskriminasyon yo entèdi.**

Presizyon

Kapab se karakteristik pèsonèl ki site nan atik 10 la.

Dwa pou egalego
nan rekonesans
egzèsis dwa ak
libète yo

13

Pèsonn pa ka mete yon kondisyon diskriminatwa nan yon Ak jiridik.

Si yon kontra gen yon kondisyon diskriminatwa, kondisyon sa pa gen okenn valè legal. Se komsi li pa te egziste.

Presizyon sou mo « diskriminatwa » a

Yon kondisyon diskriminatwa si li pa respekte dwa egalego yon moun (atik 10).

14

Atik 12 ak 13 ki konsène diskriminasyon nan Ak jiridik yo pa aplike pou yon moun k ap lwe yon chanm kay lè tout kondisyon sa yo ranpli :

- **chanm lan sitye nan kay kote moun nan oswa fanmi li ap viv**

- **moun nan lwe yon sèl chanm**

- **moun nan pa fè okenn anons piblik pou li lwe chanm lan, swa ak yon avi, swa ak lòt mwayen**



Dwa pou egalego
nan rekonesans
egzèsis dwa ak
libète yo

15

Pèsonn pa ka kanpe dèyè yon motif diskriminasyon yo entèdi pou li anpeche yon moun gen aksè nan yon sèvis transpò oubyen nan yon espas piblik.

Li entèdi tou pou y ap anpeche ou jwenn sèvis ak byen y ap ofri nan yon espas piblik.

Presizyon sou « motif diskriminasyon yo entèdi »

Sa yo se kèk karakteristik pèsonèl ki nan lis Atik 10 la.



Presizyon sou « plas piblik »

Men sa yo konsidere pou plas piblik : biznis, otèl, restoran, teyat, sinema, pak, lekòl, legliz, teren kanping ak karavàn.

16

Nan domèn travay, pèsonn pa ka baze sou yon **motif diskriminasyon yo entèdi** pou trete lòt jan, sitou nan :

- pwoesisis pou jwenn travay la ak avan ou jwenn travay la

- kondisyon travay la (dire peryòd pwobasyon an, salè ak lòt kondisyon travay)

- kategori oubyen klasman pòs

- fòmasyon ak aprantisaj

- sispan travay la pou yon ti tan, sispansyon oswa revokasyon

- yon pwomosyon, yon deplasman oswa yon transfè nan yon lòt pozisyon

Presizyon sou « motif diskriminasyon yo entèdi »

Sa yo se kèk karakteristik pèsonèl ki nan lis Atik 10 la.

Dwa pou egalego
nan rekonesans
egzèsis dwa ak
libète yo

17

Pèsonn pa ka baze sou yon **motif diskriminasyon yo entèdi** pou anpeche ou fè pati ak jwi kèk avantaj, tankou nan :

• **asosyasyon anplwayè yo**

• **asosyasyon travayè yo**

• **asosyasyon moun kap fè menm travay**

• **lòd pwofesyonèl**

Li entèdi tou pou itilize yon rezon konsa pou sispann oswa mete ou deyò nan asosyasyon sa yo oswa nan yon lòd pwofesyonèl.

Presizyon sou « motif diskriminasyon yo entèdi »

Sa yo se kèk karakteristik pèsonèl ki nan lis Atik 10 la.

18

Yon ajans k ap bay moun travay pa ka baze sou yon **motif diskriminasyon yo entèdi** pou li tabli yon diferans lè l ap resevwa, ap klase oswa ap trete yon demann pou yon travay, oswa lè li ap transmèt li bay yon anplwayè.

Presizyon sou « motif diskriminasyon yo entèdi »

Sa yo se kèk karakteristik pèsonèl ki nan lis Atik 10 la.



Dwa pou egalego
nan rekonesans
egzèsis dwa ak
libète yo

18.1

Yon patwon pa gen dwa poze ou kesyon sou **karakteristik pèsònèl ou nan** yon fòmilè rekritman oswa pandan yon entèvyou pou yon djòb.

Presizyon sou « motif diskriminasyon yo entèdi »
Sa yo se kèk karakteristik pèsònèl ki nan lis Atik 10 la.

Ou pa gen pou ou reponn kesyon sa yo, eksepte nan ka sa yo :

- **kesyon yo poze a konsène yon egzijans pwofesyonèl espesifik ki gen rapò ak travay la (gade atik 20 an)**

- **anplwayè a se yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi oswa yon òganizasyon k ap travay pou byennèt yon gwoup etnik epi kesyon an nesesè pou li ka reyalize misyon li (gade atik 20 an)**

- **kesyon an enpòtan pou aplikasyon yon pwogram kote tout moun ap egalego**

gwoup ki ap sibi diskriminasyon pi souvan yo (otokton, fanm, moun ki nan sitiyasyon andikap, minorite etnik, minorite vizib). Toutfwa, moun sa yo dwe genyen menm konpetans ak lòt kandida yo.



Dwa pou egalego
nan rekonesans
egzèsis dwa ak
libète yo

18.2

Nan toude sitiyasyon sa yo, yon anplwayè pa gen dwa pou li refize ou yon travay, revoke ou oswa penalize ou paske yo te **deklare ou koupab akòz yon enfraksyon kriminèl oswa penal :**

- **enfraksyon ou komèt la pa gen anyen pou wè ak travay la**

Pou evalye lyen an, ou ka konsidere gravite enfraksyon an, moman an, kote ak sikostans enfrafsyon sa te komèt la, tip travay w ap gen pou fè a, tip kliyan ki sible yo ak responsabilite ki mache ak travay la.

Egzanp

Yon moun ki te kondane paske li t ap kondui yon mannyè ki danjere, yo kapab revoke li si travay l ap fè a se kondwi kamyon lou.

- **ou te resevwa yon padon pou enfraksyon ou te komèt la**

Padon an rele tou « sispansyon kasye jidisyè ».

Atansyon! Yon patwon ka revoke yon moun ki pa disponib pou travay paske li nan prizon.

Anplis, yon anplwayè gen dwa verifye pase kriminèl manm pèsonèl li yo.



Dwa pou egalego
nan rekonesans
egzèsis dwa ak
libète yo

19

Yon anplwayè dwe peye tout manm anplwaye li yo ki ap travay menm kote epi ki ap fè yon travay ekivalan yon salè egal. Li dwe ofri yo tou yon **tretman ki egal**.

Presizyon

Paregzanp kapab se avantaj ak privilèj ki gen pou wè ak ansyènte, kondisyon travay oswa tou menm kritè pou tabli salè yo (egzanp : kategori pòs, metòd evalyasyon, elatriye).

Anplwayè a pa ka baze sou **kèk karakteristik pèsònèl ki gen rapò ak anplwaye l yo** pou li tabli yon diferans pami yo. Toutfwa, li kapab baze sou kritè sa yo si li itilize yo menm jan an pou tout manm pèsònèl la :

• eksperyans

• ansyènte

• kantite pwodiksyon

• dire sèvis

• tan siplemantè ki bay
nan travay la

Anplis, yon ogmantasyon salè oswa yon pwogram ekite nan zafè salè pa kreye diskriminasyon ki baze sou sèks si li respekte règ ki tabli yo nan Lwa sou ekite nan zafè salè.

Presizyon sou « kèk karakteristik pèsònèl ki gen rapò ak anplwaye yo »
Karakteristik pèsònèl sa yo site nan lis atik 10 la.



Dwa pou egalego
nan rekonesans
egzèsis dwa ak
libète yo



20

Nan tou de sitiyasyon sa yo, pa gen diskriminasyon menm
si yon moun sèvi ak **kèk nan karakteristik pèsonèl** ou yo
pou trete ou yon jan diferan :

- **Yon travay mande kapasite oubyen kalifikasyon espesyal**

Egzanp

Yon anplwayè kapab mande pou ou maton
nan angle si li nesesè pou yon travay.



- **Misyon charitab, filantwopik, reliye, politik oswa edikasyon yon enstitisyon jistifye diferans nan tretman an.**

Li dwe yon enstitisyon ki pa la pou fè pwofi oswa yon enstitisyon ki vize sèlman byennèt yon gwoup etnik.

Egzanp yo

Yon abri pou fanm ki viktim vyolans ka deside anplwaye fanm sèlman pou aji kòm konseye.

Yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi k ap ofri sèvis pou imigran yo ka refize ede yon moun ki pa yon imigran.

Presizyon sou « Plizyè nan karakteristik pèsonèl ou yo »

Sa yo se kèk karakteristik pèsonèl ki nan lis Atik 10 la.

Dwa pou egalego
nan rekonesans
egzèsis dwa ak
libète yo

20.1


Kontra ak plan sa yo ka baze sou laj ou, sèks ou, eta sivil
ou ak eta sante ou pou trete ou yon jan diferan :


- **kontra asirans oswa
pansyon/ alokasyon**

- **pou avantaj sosyal, retrèt,
rant oswa asirans**


- **rejim inivèsèl pou
pansyon oswa asirans**

Diskriminasyon sa a akseptab si li lejitim epi si motif
diskriminasyon yo sèvi pou detèmine risk ou reprezante a.






Dwa
politik



Chapit 2



21

Ou gen dwa pou ou **soumèt** petisyon devan Asamble nasyonal Kebèk la.

Presizyon

Ou kapab soumèt yon petisyon nan vèsyon papye lè ou remèt li bay yon depite ki fè pati Asamble nasyonal la. Ou ka soumèt li tou nan vèsyon elektwonik sou sit entènèt Asamble nasyonal la. Petisyon an ka ekri an franse oswa an angle.

22


Ou gen dwa pou ou vote epi poze kandidati ou lè gen **eleksyon**. Toutfwa, ou dwe ranpli **kondisyon** lalwa mande pou sa.

Presizyon

Kapab se yon eleksyon pwovensyal, minisipal oswa eskolè.

Egzanp pou « kondisyon »

Pou vote nan yon eleksyon pwovensyal, pami sa ou dwe konnen ou dwe gen 18 lane pou pi piti, gen sitwayènte kanadyen epi ap viv nan Kebèk depi sis mwa pou pi piti.



Dwa
jidisyè



Chapit 3

Ou gen dwa sa yo lè yon tribunal dwe detèmine si ou koupab sou yon akizasyon ki pote kont ou, oswa lè li dwe detèmine dwa ak obligasyon ou genyen :

- **Dwa pou yon tretman egalego, total kapital, sa vle di san distenksyon**

- **Dwa pou yon odisyon publik**

Sa k ap pase nan yon tribunal li publik. Tout moun ka asiste li, menm ou menm.

- **Dwa pou yon odisyon san fòs kote nan yon tribunal ki pa nan okenn patipri, epi endepandan**

Presizyon sou « dwa pou yon odisyon »
Sa a se lè ou gen chans pou ou defann tèt ou, prezante prèv ou yo epi defann agiman ou yo.

Presizyon sou mo « empasyal » la
Tribinal la dwe rete san paspouki, li pa dwe favorize yon pati plis pase yon lòt.

Presizyon sou mo « endepandan » an
Tribinal la ak moun ki ap pran desizyon an pa dwe genyen okenn lyen pèsonèl oswa pwofesyonèl avèk ou ni ak lòt moun ki enplike nan dosye a.

Egzanp sou « tribunal »

Kapab se :

- > yon tribunal jidisyè (egz. « Kou Siperyè ak Kou Kebèk »)
- > yon tribunal administratif (egz. Tribunal travay)
- > yon abit pou plent (konvansyon kolektif)

Suit la nan lòt paj la...



Dwa jidisyè

Toutfwa, **tribinal** la ka deside odisyon an pral dewoule **san prezans publik** la si sa nesesè nan enterè **lamoral ak lòd publik** la.

Presizyon

Se sa yo rele « *huis clos* » a. Nan ka sa a, enfòmasyon ki pèmèt yo idantife moun ki enplike nan pwosè a pa dwe pran lari.

Egzanp sou « lamoral oubyen lòd publik »

Pou pwoteje lavi prive fanmi yo, pwosè divòs ak dwa pou gade timoun yo toujou dewoule dèyè pòt fèmen.

24

Pèsonn pa ka wete ou libète ou oswa anpeche ou egzèse dwa ou, sof nan kèk sikontans kote lalwa pèmèt sa.

24.1

Pèsonn pa ka **fouye** ou **san rezon** valab. Menm jan an tou, pèsonn pa ka vin fouye lakay ou oswa sezi byen ou yon **fason abitrè**.

Presizyon

Yon pèkizisyon se lè otorite yo pran kontwòl yon espas nan lide pou yo sezi plizyè byen (egz. pèkizisyon nan yon espas komèsyal pou sezi divès dokiman).

Egzanp sou « fason abitrè »

Lapolis pa ka kanpe ou nan mitan lari, san pyès rezon, epi deside fouye rad ou oswa dyakout ou.



Dwa jidisyè

25

Otorite yo dwe trete ou ak **imanite epi respè** si yo arete ou **oswa kenbe ou.**

Presizyon sou « imanite ak respè »

Otorite yo pa kapab itilize yon fòs gwo ponyèt pou yo arete ou oswa kenbe ou.

Presizyon

Kapab se lè yo fèmen ou nan yon etablisman detansyon (tankou prizon).

Kapab tou se yon detansyon prevantif, sa vle di lè otorite yo kenbe yon moun epi anpeche li ale, san yo pa mete li sou arrestasyon. Detansyon sa a pèmèt yo mennen ankèt yo pou konnen si yo ta dwe arete moun nan oubyen non.

26

Lè yo kenbe yon moun nan prizon oswa nan yon sant detansyon kèlkonk, li gen dwa pou li jwenn kondisyon ki apwopriye pou :



• **laj li**



• **kondisyon mantal li**

• **sèks li**



• **kondisyon fizik li**



27

Yon moun ki ap tann pwersè li bout ka rete nan prizon oswa nan yon lòt sant detansyon. Nan ka sa a, li gen dwa pou yo separe li ak moun ki deja kondane oswa k ap pije pèn yo.

Dwa jidisyè

28

Yon moun gen dwa konnen poukisa otorite yo kenbe l'oswa arete li. Otorite yo dwe ba li enfòmasyon sa yo prese prese epi nan yon lang li konprann.

28.1

Yon moun yo akize pou yon enfraksyon gen dwa pou li konnen ak presizyon ki enfraksyon yo repwoche li. Otorite yo dwe ba li enfòmasyon sa yo prese prese.

29

Yon moun yo arete oubyen kenbe kapab imedyatman :

- **jwenn asistans yon avoka**
- **kominike ak moun ki pwòch li pou li enfòme yo sou sitiyasyon an**

Otorite yo dwe eksplike li dwa li prese prese.

30

Yon moun yo arete oswa yo kenbe nan prizon dwe ale nan tribinal ki apwopriye a prese prese, sinon yo dwe lage l.



Yon moun yo arete oswa yo kenbe gen dwa pou li jwenn liberasyon li si :

- **Li angaje li fòmèlman l ap prezante li nan tribunal la nan yon moman espesifik**
- **Li bay yon depo oswa yon kosyon (si otorite yo mande li sa)**

Yo ka limite dwa sa a, men sèlman pou yon **rezon valab**.

Presizyons

« Depo » a se yon kantite lajan moun nan dwe bay pou montre li gen entansyon prezante nan tribunal la. Si li pa prezante, l ap pèdi lajan li an.

Yo rele sa « kosyon » lè se yon lòt moun ki depoze lajan an (egzanp yon fanmi pwòch oswa yon zanmi).

Egzanp sou « rezon valab »

An jeneral, yo pa lage yon moun si li reprezante yon risk pou sekirite publik la. Li dwe rete nan prizon annatandan pwoesisis legal yo abouti.

Yon moun yo wete **libète li** gen dwa pou li mande **tribinal la** verifye si dwa li yo respekte. Otorite yo dwe lage li si tribunal la estime yo kenbe li ilegalman.

Presizyon sou « wete libète yon moun »

Espresyon sa a pa vize sèlman moun ki fèmen nan prizon. Kapab tou se yon moun yo kenbe nan yon etablisman sante san konsantman li.

Presizyon sou « fè yon demann nan tribunal la »

Yo rele sa yon demann an abeyas kòpous.



Dwa jidisyè

32.1

Yon moun yo akize komèt yon enfraksyon gen dwa pou li gen yon pwosè nan yon **delè rezonab**.

33

Yon moun yo akize komèt yon enfraksyon **inosan jiskaske yo pwouve kontré a.**

Presizyon

Otreman, tribunal la oblige libere moun nan si yo pa ka pwouve li koupab.

33.1

Yon moun yo akize komèt yon enfraksyon ka deside rete an silans pandan pwosè li. Yo pa ka fòse li temwaye.

34

Ou gen dwa pou ou gen yon reprezantan oswa resevwa èd **yon avoka** lè ou nan **tribinal**.

Presizyon

Nan Divizyon ti reklamasyon yo (15,000 \$ oswa mwens), ou pa ka gen yon avoka.

Sa a se yon eksepsyon.

Egzanp sou « tribinal »

Paregzanp, kapab se :

- > yon tribunal jidisyè (egz. Kou siperyè ak Kou Kebèk)
- > yon tribunal administratif (egz. Tribunal travay)
- > yon abit pou plent (konvansyon kolektif)



Dwa jidisyè

35

Yon moun yo akize komèt yon enfraksyon gen **dwa pou li defann tèt li totalman**. Li gen dwa tou pou li kesyone epi kontrekare moun ki vin temwaye yo nan pwosè li.

Presizyon

Pou defann tèt li, moun nan gen dwa pou li konnen tout prèv yo rasanble kont li. Li gen dwa pou li resevwa prèv sa a anvan pwosè a.

36

Yon moun yo akize pou yon enfraksyon gen dwa pou li konprann sa yo di nan tribinal la. Li ka resevwa sèvis **gratis** yon entèprèt si li tande mal oswa soud, oswa si li pa konprann lang yo pale a.

Presizyon

Dwa pou resevwa sèvis gratis sa a pa egziste nan yon pwosè sivil (divòs, vis kache, kontra, responsabilite sivil, elatriye). Nan ka sa a, moun nan ka itilize sèvis yon entèprèt, men li dwe depanse pwòp lajan li pou sa.

37

Yo kapab kondane yon moun sèlman pou yon konpòtman oubyen yon jès yo te **entèdi nan lè ak kote li te poze a.**

Presizyon

Yon lwa ki kreye yon nouvo enfraksyon ka aplike sèlman pi devan. Kidonk, yo pa ka kondane yon moun pou yon konpòtman oswa yon jès yo entèdi apre aksyon yo.



Dwa jidisyè

37.1

Yon moun pa ka jije de (2) fwa pou menm enfraksyon an. Sa vle di li pa ka **akize yon dezyèm fwa** si li te deja akite oswa deklare koupab pou menm enfraksyon an ak pou menm aksyon an.

Presizyon sou « akize yon dezyèm fwa »

Yon moun yo te akite oswa yo te deklare koupab epi ki dwe ale nan apèl pa « akize yon dezyèm fwa ». Se menm bagay la si yon pwosè dwe rekòmanse.

Presizyon sou « menm enfraksyon an »

Yon moun ka akize yon dezyèm fwa pou menm aksyon an si enfraksyon yo akize I la pa menm. Yo kapab pouswiv li tou devan yon komite disiplin oswa devan yon tribunal sivil (egzanp : si yon viktim vle yo dedomaje li).

37.2

Li posib pou pèn yo prevwa pou yon enfraksyon chanje ant lè moun nan komèt enfraksyon an ak moman tribunal la dwe detèmine pèn lan. Nan ka sa a, moun nan gen dwa pou li resevwa pèn ki mwens di a.



Dwa jidisyè

38

Yo ka **fòse yon moun temwaye** nan yon tribinal. Nan ka sa a, yo pa ka itilize temwayaj li a kont li pou **enkrime** li nan yon lòt pwosè.

Rapèl

Atik 33.1 nan Chat la prevwa yon eksepsyon : yo pa ka fòse yon moun ki komèt yon enfraksyon pou li temwayaj nan pwòp pwosè li.

Presizyon

Temwayaj moun nan ka itilize nan yon pwosè sivil (egz. : si yon viktim vle dedomajman).

Toutfwa, yo ka akize li **pou fo temwayaj** si li bay manti pandan temwayaj li a. Yo ka akize li tou pou **temwayaj** depaman si li modifye vèsyon li te bay sou fè yo nan mitan de (2) temwayaj yo.

Presizyon

Fo temwayaj ak temwayaj depaman se de enfraksyon kriminèl.





Dwa ekonomik
ak sosyal



Chapit 4

Dwa ekonomik
ak sosyal

39

Tout timoun gen dwa pou jwenn pwotection, sekirite e atansyon paran yo.

Presizyon

Kapab se paran biyolojik yo, paran adoptif yo osnon paran yo jwenn nan yon fanmi akèy. Nan kèk ka, kapab se yon moun ki jwe wòl paran an san li pa gen lyen legal ak timoun nan (mari oswa madanm youn nan paran yo).

39.1

Ou gen dwa pou ou konnen orijin ou. Sepandan, lalwa ka limite dwa sa a.

Egzanp

Si ou se yon moun ki adopte, ou gen dwa pou konnen kiyès ki paran biyolojik ou, granparan biyolojik ou ak frè epi sè biyolojik ou, si ou genyen.

40

Ou gen dwa pou ou ale lekòl piblik gratis. Lalwa ka ankadre ak limite dwa sa a.

Presizyon sou « lekòl piblik la »

Kapab se lekòl piblik matènèl, primè ak segondè. Nan kèk kondisyon, kapab tou se nivo ansèyman kolejyal (cégeps), pwofesyonèl oswa pou granmoun yo.

Presizyon sou « ankadre ak limite dwa sa »

Lekòl piblik la gratis jiska 18 lane oswa 21 lane pou moun ki nan sitiyasyon andikap.

Soti 18 pou rive 21 lane, kapab gen frè eskolè pou peye. Sa pral depann tip fòmasyon an. Sa ka rive tou gen frè pou admisyon, liv ak fotokopi egzèsis yo pou peye, elatriye.

41

Paran yo gen dwa pou yo ofri pitit yo yon edikasyon reliye ak moral ki respekte konviksyon yo. Toutfwa, yo dwe fè li nan enterè ak nan respè dwa timoun yo.

Presizyon

Kapab se paran biyolojik oswa paran adoptif. Nan kèk ka, kapab tou se yon moun ki jwe wòl paran an san li pa gen okenn lyen legal ak timoun nan (mari oswa madanm youn nan paran yo).

Dwa ekonomik
ak sosyal

42

Paran yo gen dwa pou yo mete pitit yo nan lekòl prive. Toutfwa, lekòl yo chwazi a dwe respekte tout nòm lalwa prevwa.

43

Manm yon minorite etnik yo gen dwa pou yo **patisipe nan lavi kiltirèl** pwòp gwo up yo nan lide pou yo konsève ak fè li grandi.

Egzanp

Manm yon minorite etnik yo gen dwa pou yo rasanble pou yo selebre yon fèt tradisyonèl.

44

Ou gen **dwa** pou ou gen **enfòmasyon**. Toutfwa, lalwa ka **limite dwa sa a**.

Presizyon

Dwa sa a pèmèt ou konnen epi gen aksè ak :

- > dokiman òganis publik epi gouvènmantal yo
- > enfòmasyon pèsonèl yon òganis publik oswa yon antrepriz prive genyen sou ou (egzanp : dosye medikal ou)
- > enfòmasyon publik yo

Presizyon sou « limite dwa a »

Kèk enfòmasyon ki nan dosye ou, yo kapab kache yo ak lank nwa. Kapab se enfòmasyon pèsonèl ki konsène yon lòt moun.

Dwa ekonomik
ak sosyal

45

Ou gen dwa pou ou gen **asistans sosyal ak finansyè** ki la pou lè ou nan bezwen. Mezi sa yo dwe pèmèt ou gen yon bon kalite vi.

Presizyon

Dwa sa a pwoteje fanmi ou tou. Ou gen dwa pou ou gen asistans sosyal ak finansyè pou pèmèt pitit ou yo gen yon bon kalite vi.

Egzanp sou « mezi asistans finansyè »

Kredi enpo pou solidarite.

46

Ou gen dwa pou ou gen kondisyon travay jis epi rezonab lè ou gen yon travay. Kondisyon sa yo dwe respekte :

- **lalwa**

Paregzanp, kapab se Lalwa sou nòm travay yo, Lalwa sou koze lasante ak sekirite nan travay osnon kòd travay la si ou manm yon sendika.

- **sante ou**



- **sekirite ou**



- **entegrite fizik ou**

46.1

Ou gen dwa pou ou viv nan yon **anviwònman sen** epi ki respekte **biyodivèsite** a. Lalwa ka ankadre epi limite dwa sa a.

Presizyon

Yon anviwònman sen se yon anviwònman ki pa gen okenn efè negatif sou sante ou.

Biyodivèsite a se tout kalite espès vivan yo ak karakteristik jenetik yo.

De (2) moun ki marye oswa ki nan inyon sivil, yo egalego youn anvè lòt. Yo gen menm dwa, menm obligasyon ak menm responsabilite.

Toulède ka patisipe nan desizyon ki konsène yo tankou :

• **byen ak finans fanmi an**

Egzanp

Machin, kay, mèb, mache, rad, depans chak jou, aktivite fanmi an, dét, plasman, elatriye.

• **edikasyon timoun
yo genyen ansanm**

• **direksyon moral fanmi an**

Kapab se dezisyon ki konsène paregzanzp :

- > Valè ki enpòtan pou fanmi an (egz. reliyyon)
- > Règ konduit fanmi an
- > Non timoun yo
- > Konsantman sou swen sante pou timoun yo
- > Kote fanmi an abite
- > Elatriye.

Granmoun yo ak andikape yo gen dwa pou yo gen pwoteksyon kont **tout fòm eksplwatasyon**.

Fanmi yo dwe asire pwoteksyon ak sekirite yo tou.

Presizyons

Eksplwatasyon se pwofite feblès ak depandans yon moun pou yo wete dwa li yo. Eksplwatasyon an ka finansyè, fizik, sikolojik, moral oswa sosyal.

Lè moun nan pa gen pyès fanmi oswa lè fanmi li pa ka ba li pwoteksyon li ak sekirite li, se enstitisyon piblik yo ki dwe fè sa.

Komisyón dwa moun ak dwa jèn yo la pou garanti respè ak pwomosyon prensip yo ekri nan Chat dwa ak libète moun Kebèk la.

Li la tou pou pwoteje enterè timoun, mete sou sa, li la pou garanti respè ak pwomosyon dwa yo ba li nan Lwa sou pwoteksyon jèn yo.

Lap veye tou aplikasyon Lalwa sou aksè egalego nan travay òganis piblik yo.

Syèj sosyal

360, ri Sen Jak, 2èm etaj
Montréal (Kebèk) H2Y 1P5

Imel : accueil@cdpdj.qc.ca

Sit entènèt : cdpdj.qc.ca

Telefòn : **514 873-5146**

Gratis : 1 800 361-6477

Suiv nou

-  CDPDJ
-  CDPDJ1
-  LaCDPDJ
-  http://bit.ly/CDPDJ_Linkedin

